

FÈY ENFÒMASYON



Andrew M. Cuomo, Gouvènè

YON PIBLIKASYON BIWO ADMINISTRASYON LWAYE
DIVIZYON LOJMAN AK RENOUVELMAN KOMINOTE
BIWO ADMINISTRASYON PRI LWAYE

45 Fèy Enfòmasyon pou Pwopriyetè Bilding: Dwa Lojman pou Lokatè ki te Fèt nan Peyi Etranje

Entwodiksyon

Eta New York te lanse yon kanpay edikasyon pou pwopriyetè ak lokatè bilding yo sou dwa lokatè ki imigran yo. Nou te kreye fèy enfòmasyon sa a pou enfòmasyon pwopriyetè yo sou lwa konsènan diskriminasyon, tizonnay ak vanjans ki konsène lokatè imigran yo.

Li ilegal pou fè diskriminasyon kont lokatè yo- Lwa federal pou Lojman Ekitab ak Lwa Eta New York Konsènan Dwa Moun yo fè li ilegal pou yon pwopriyetè oswa pou ajan yon pwopriyetè fè diskriminasyon kont lokatè akòz sèten kategori ki pwoteje, tankou ras, kwayans, koulè, andikap, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, sityasyon nan militè, laj, sèks, eta sivil, oswa sityasyon famiyal (prezans timoun minè nan kay la). Answit sèten lwa lokal, tankou Lwa Vin New York Konsènan Dwa Moun, fè li ilegal pou fè diskriminasyon kont lokatè paske li etranje oswa si li pa yon sitwayen tou.

Lwa sa yo fè li ilegal, pami lòt zak ki fè diskriminasyon, pou, (1) refize lwe, vann, finans, asire oswa negosye ak yon moun paske li fè pati sèten kategori ki pwoteje; (2) mete diferan règ oswa kondisyon oswa bay sèvis ki diferan bay yon moun paske li fè pati sèten kategori ki pwoteje (3) fè, enprime, publiye oswa sikile deklarasyon oswa piblisite ki fè diskriminasyon; (4) bay manti konsènan sou disponiblite kay bay yon moun paske li fè pati sèten kategori ki pwoteje; (5) deranje, fòse oswa kraponnen moun k ap chèche egzèsè dwa yo; (6) anbete, menase, kraponnen oswa fòse yon lokatè paske li fè pati sèten kategori ki pwoteje; epi (7) pran revanch kont yon lokatè paske l ap chèche reparasyon selon dwa li yo.

Li ilegal pou yon pwopriyetè oswa ajan yon pwopriyetè fè diskriminasyon kont yon lokatè kèlkeswa sityasyon lokatè a ak imigrasyon. Pa egzanp:

- Li ilegal ou yon pwopriyetè refize repare apatman yon lokatè paske lokatè sa a meksiken. Lokatè sa a gen dwa pou jwenn soulajman jiridik kèlkeswa sityasyon yo ak imigrasyon.
- Li ilegal pou yon pwopriyetè ki mande enfòmasyon sou kazye jidisyèl ak prèv sitwayènète sèlman nan men moun ki gen orijin azyatik, men pa lòt moun. Moun sa yo gen dwa pou jwenn soulajman lalwa bay kèlkeswa sityasyon yo ak imigrasyon.
- Li ilegal pou yon pwopriyetè fè sèlman moun ki gen orijin afriken pou peye plis lwaye oswa garanti. Moun sa yo gen dwa pou jwenn soulajman lalwa bay kèlkeswa sityasyon yo ak imigrasyon.

Li ilegal pou tizonnen lokatè yo - Yo konsidere yon pwopriyetè ak tizonnen yon lokatè si li fòse yon lokatè soti nan apatman li oswa si li fè yon lokatè abandone dwa li genyen anba Lwa Estabilizasyon Pri Lwaye ak Lwa Kontwòl Pri Lwaye a. Nan Eta New York, yo entèdi yon pwopriyetè oswa ajan yon pwopriyetè entèdi deranje vi prive, konfò, ak lapè yon lokatè. Sa a gen ladan yo koupe oswa diminye sèvis, fèmen yon lokatè deyò apatman li, oswa menase yon lokatè yon fason pou fè li kite apatman an.

Li ilegal pou yon pwopriyetè oswa ajan yon pwopriyetè tizonnen yon lokatè kèlkeswa sityasyon lokatè a ak imigrasyon. Pa egzanp:

- Li ilegal pou yon pwopriyetè fèmen chofaj yon lokatè pandan sezon livè. Lokatè sa a gen dwa pou jwenn soulajman lalwa bay kèlkeswa sityasyon yo ak imigrasyon.

Li ilegal pou pran vanjans kont lokatè - Lalwa pwoteje lokatè yo kont vanjans. Li ilegal pou yon pwopriyetè pran vanjans kont yon lokatè paske lokatè sa a te depoze yon plent epi li te chèche soulajman lalwa bay.

Yo fèt pou trete moun ki fèt nan peyi etranje ki se yon lokatè ak pri lwaye kontwole yo menm jan ak lòt lokatè ki se lokatè ak pri lwaye kontwole yo - Lokatè k ap viv nan apatman ak pri lwaye estabilize oswa pri lwaye kontwole yo gen dwa pou jwenn plis pwoteksyon anba lwa New York.

Lwa kontwòl pri lwaye yo limite kantite lwaye yon pwopriyetè ka reklame pou yon apatman, epitou li mete restriksyon sou dwa nenpòt pwopriyetè pou degèpi lokatè yo. Lokatè ak pri lwaye kontwole yo gen dwa pou resevwa sèvis debaz yo tou. Pwoteksyon sa yo egziste kèlkeswa kondisyon lokatè ak pri lwaye kontwole sa yo ak imigrasyon. Pa egzanp:

- Li ilegal pou yon pwopriyetè monte pri lwaye li yon fason ki pa respekte règleman yo. Lokatè sa a gen dwa pou jwenn soulajman lalwa bay kèlkeswa sityasyon yo ak imigrasyon.

Lwa pou Estabilizasyon Pri Lwaye yo bay pwoteksyon pou lokatè yo kote yo mete limit sou pri lwaye a, yon dwa pou resevwa sèvis ki nesèsè yo, ak dwa pou renouvle kontra lwaye yo ak yon pwoteksyon kont degèpisman, sof lè lalwa pèmèt sa. Pwoteksyon sa yo egziste kèlkeswa kondisyon lokatè ak pri lwaye establi sa yo ak imigrasyon.

Li ilegal pou yon pwopriyetè egzije yon lokatè ak lwaye estabilize pou bay enfòmasyon konsènan sityasyon li ak imigrasyon oswa yon nimewo Sekirite Sosyal kòm yon kondisyon pou renouvle kontra lwaye li.

Lòt egzanp:

- Yon pwopriyetè ki menase imigran lokatè ak degèpisman san yon bon rezon oswa fè li peye frè an plis pou eseye pouse li pou kite apatman ki gen pri lwaye kontwole, p ap lalwa. Lokatè sa yo gen dwa pou jwenn soulajman lalwa bay kèlkeswa sitiyasyon yo ak imigrasyon.
- Yon pwopriyetè ki refize kontinye lwaye preferansyèl yon lokatè paske lokatè a te fèt nan yon peyi etranje oswa li fè pati kategori moun ki gen pwoteksyon yo, p ap respekte lalwa. Lokatè sa a gen dwa pou jwenn soulajman lalwa bay kèlkeswa sitiyasyon yo ak imigrasyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou lwa ki jere lojman yo ki gen lwaye kontwole, gade nan Feyè Enfòmasyon # 1 Estabilizasyon Pri Lwaye ak Kontwòl Pri Lwaye Biwo Administrasyon Lwaye nan Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal's Office of Rent Administration) Eta New York la, ki nan www.nyshcr.org/Rent/FactSheets/orafac1.pdf.

OU GEN KESYON?

Si ou se pwopriyetè apatman yo kontwole lwaye yo epi ou gen nenpòt kesyon, kontakte Biwo Administrasyon Lwaye nan Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la

<http://www.nyshcr.org/rent/>

Liy Enfòmasyon: (718) 739-6400

Rentinfo@nyshcr.org

Pou w ka jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb Biwo Nouvo Ameriken (Office of New Americans) <https://www.newamericans.ny.gov>

oswa Divizyon Dwa Moun Eta New York (New York State Division of Human Rights)

<https://www.dhr.ny.gov>

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa èd, rele Liy Enfòmasyon DHCR, oswa ale nan Biwo Lwaye Minisipalite oswa Konte a.

Queens

92-31 Union Hall Street
6yèm Etaj
Jamaica, NY 11433

Brooklyn

55 Hanson Place
7yèm Etaj
Brooklyn, NY 11217

Upper Manhattan

163 West 125th Street
5yèm Etaj
New York, NY 10027

Lower Manhattan

25 Beaver Street
5yèm Etaj
New York, NY 10004

Bronx

1 Fordham Plaza
4yèm Etaj
Bronx, NY 10458

Westchester

75 South Broadway
3yèm Etaj
White Plains, NY 10601